

# FÒMASYON AK AKONPAYMAN OSC AK ROSC YO

*Restitasyon espanyans sou ranfòsman òganizasyonèl  
Òganizasyon Sosyete sivil (OSC) ak  
Reso OSC yo (ROSC)*

*Fòmasyon òganizasyon sosyete sivil (OSC) ak rezo yo (ROSC), ki makonnen ak pwosesis ranfòsman òganizasyonèl yo, se sa ki fè esansyèl fich sa a ki reprann pratik ak leson Programme d'Appui à la Gouvernance Décentralisée-Pwogram Apui pou Gouvènans Desantralize (PAGODE) .*



Se konsòsyòm CROSE-GRAMIR-ID-IRAM-ITECA, dapre yon manda anbasad Lasuis an Ayiti, ki te dirije PAGODE, soti 2019 pou rive 2023. Pwogram sa a te kreye nan lide pou ranfòse konpetans aktè nasyonal ak lokal yo nan kesyon gouvènans ak devlopman lokal, epi ogmante atikilasyon ak koyerans entèvansyon yo nan domèn nan. Ranfòsman OSC ak ROSC yo vize, atravè yon sipò òganizasyonèl espesifik, sitou nan 11 komin nan depatman Sid, Sidès ak Grandans, pou yo patisipe nan egzèsis pouvwa lokal ak devlopman terityoral.

Fòs OSC yo chita nan kapasite pou yo mobilize kominote yo dekwa pou yo rive reyalize aktivite yo. Pi gwo enpòtans ROSC yo se sitou nan wòl kowòdinasyon aksyon OSC yo ak nan plede epi defann dwa peyizanri a.

Fòmasyon ak akonpayman se de eleman kle nan devlopman kapasite OSC yo ak ROSC yo ki aplike ansanm pou pèmèt yo devlope konpetans ki nesèsè

yo epi amelyore fonksyonman yo ak enpak yo nan kominote a.

## **O**bjektif: ranfòse aktè Sosyete Sivil la

Òganizasyon yo se **zouti esansyèl nan konsyantizasyon ak angajman sitwayen ak sitwayèn yo pou bati kominote yo**. Poutan, se kèk grenn OSC ak ROSC ki jwe wòl yo kòmsadwa, tankou konsètasyon ak kolaborasyon ak otorite lokal oswa desantralize yo. Malgre tou, OSC sa yo dwe aprann respekte misyon yo. *Se poutèt sa, ranfòsman kapasite yo se yon gwo defi ki merite leve.*

Kidonk, PAGODE te defini objektif sa yo pou pwosesis fòmasyon OSC ak ROSC yo:

### **Objektif jeneral fòmasyon an**

*Bay kontribisyon nan ranfòsman kapasite OSC ak ROSC yo nan lide pou amelyore estriktirasyon ak fonksyonman dirab epi gouvènans demokratik ak enklizif òganizasyon sa yo. Tou sa se nan objektif pou yo entegre pi byen nan teritwa yo, ak pou garanti respè ak egzèsis dwa sitwayen yo pou yo patisipe nan aksyon otorite lokal yo ak nan kontwòl politik piblik devlopman lokal yo.*

### **Objektif espesifik fòmasyon an**

*Ranfòse kapasite OSC ak ROSC patnè yo nan teknik òganizasyonèl, jesyon administratif ak finansye, gouvènans entèn sitou nan zafè fi/gason, planifikasyon entèvansyon ak mobilizasyon lajan, pwomosyon ak pwoteksyon dwa moun, anpatikilye nan sa ki gen pou wè ak dwa fanm, konsètasyon ak defans, jesyon konfli, jesyon ris ak dezast (GRD), dekwa pou yo kapab asire otonomi yo epi patisipe nan gouvènans lokal ak devlopman dirab kolektivite terityoral yo.*

Yo te prezante tout 5 etap nan pwosesis ranfòsman an nan rapò jeneral kapitalizasyon PAGODE la. Esperyans lan te fèt nan 11 komin avèk 102 OSC ak rezo OSC k ap travay, pou pi fò ladan yo, nan zòn riral.

Yo te chwazi òganizasyon sa yo sou baz envantè (etap 2) ak dyagnostik òganizasyonèl (etap 3), ki dekri nan rapò a nan seksyon ranfòsman òganizasyonèl la.

Fich enfòmasyon sa a bay fòmasyon an (etap 4) plis plas, menmsi nan pwosesis ranfòsman òganizasyonèl la, de eleman yo toujou mache ansanm.

## **D**emach metodologik ak zouti fòmasyon avèk epi pou aktè yo

**Dyagnostik òganizasyonèl** òganizasyon ki te chwazi yo ak **patisipasyon** tout enstans yo (sa ki pran desizyon, sa ki nan domèn teknik ak sa ki nan domèn jesyon) ak tout manm OSC /ROSC yo (kit se manm k ap bay fòmasyon, kit se manm k ap patisipe nan kèk sesyon repriz) nan pwosesis la te pèmèt pou byen evalye bezwen yo nan sa ki gen pou wè ak ranfòsman kapasite yo. Li te pèmèt tou bati plan fòmasyon an, plan akonpayman konplèmantè a epi defini demach metodolojik yo ansanm ak zouti fòmasyon yo. Youn nan karakteristik espesifik pwosesis la konsène prensip "kaskad" fòmasyon sa yo, ki te destine pou fòmasyon ki yo menm reprann yo pou lòt.

### **Etap pwosesis fòmasyon an**

- Planifikasyon ak òganizasyon pwosesis fòmasyon an nan domèn ranfòsman kapasite ;
- Rekritman yon konpayi ak kèk konsiltan pour reyalizasyon pwosesis fòmasyon an;
- Preparasyon (konpayi konsiltasyon an) ak validasyon ( ekip PAGODE la) plan fòmasyon an ;
- Preparasyon (konpayi konsiltasyon an) ak validasyon ( ekip PAGODE la) modil fòmasyon yo, pami yo gid fòmasyon/ fòmasyon yo ak kaye patisipan/ patisipan yo ;
- Seleksyon OSC/ROSC yo fè pou manm yo ki dwe patisipe nan fòmasyon pou yo vin fòmasyon ak fòmasyon ;
- Òganizasyon epi planifikasyon ak OSC/ROSC yo sesyon fòmasyon nan entansyon fòmasyon / fòmasyon yo;
- Seleksyon OSC/ROSC yo fè, sou baz kritè ki objektif, pou manm yo ki dwe patisipe nan fòmasyon sou repriz yo ;
- Òganizasyon epi planifikasyon ak OSC/ROSC yo repriz fòmasyon nan mitan yo ;
- Reyalizasyon fòmasyon (konpayi konsiltasyon an) fòmasyon ak fòmasyon yo ;
- Reyalization repriz fòmasyon yo ak antrenman fòmasyon ak fòmasyon yo konpayi konsiltasyon an te fè nan premye sesyon fòmasyon patisipan/patisipan yo ;
- Sivi ak evalyasyon pwosesis fòmasyon an.

Pami tout etap pwosesis fòmasyon an, yo ta dwe bay **preparasyon plan fòmasyon an** pi plis enpòtan paske se li ki tabli tout tèm yo chwazi yo (teknik òganizasyonèl, jesyon administratif ak finansye, gouvènans entèn sitou nan kesyon fi/gason, planifikasyon entèkansyon ak mobilizasyon lajan, pwomosyon ak pwoteksyon dwa moun, anpatikilye dwa fanm, konsèstasyon ak defans, jesyon konfli, jesyon ris ak dezaz); se li ki defini metodoloji jeneral la epi ki bay estrateji devlopman pou chak modil. Li endike tout zouti ansèyman yo pral itilize. Epi li pèmèt mezire pèfòmasyon lan ak nan ki nivo yo rive atenn objektif pwosesis fòmasyon an.

### **Metodoloji sesyon fòmasyon yo**

- Baze demach la sou yon apwòch dinamik, entèaktif ak patisipatif ;
- Kreye yon kad ki enspire konfyans, ki mwatye fèmèn epi ki agreyab (pou 25 oswa 30 patisipan/patisipan) dekwa pou favorize yon espèyans fòmasyon ki pozitif;
- Tabli prensip ki dwe respekte dekwa pou fasilite yon pi bon anbyans pou aprantisaj ak fasilite ;
- Prezante ak devlope modil fòmasyon yo nan lang kreyòl dekwa pou fasilite konpreyansyon ak patisipasyon ;
- Òganize atelye an gwoup pou ankouraje travay an ekip;
- Sèvi ak pwofil moun yo, kantite gason pa rapò ak fi epi laj patisipan yo pou fòmasyon gwoup yo;
- Kreye pi bon kondisyon posib pou fè pataj ak dyalòg ; nan sans sa a, li enpòtan pou kreye yon anviwònman ki favorab pou dyalòg, tabli règ ki klè, ankouraje komunikasyon ki louvri epi ki onèt, epi tou gen yon animatè/animatris ki konpetan ;
- Favorize itilizasyon referans ki nan kilti nou pou anrichi patisipasyon kolektif la;
- Evalye objektif ki rive atenn chak jou dekwa pou resantrè konklizyon yo nan sesyon ak tout moun lan;
- Ankouraje patisipasyon tout moun san manke yon sèl.

**Chwa materyèl ansèyman ak zouti ki nesè yo** te varye ant pran tès anvan ak apre, prezantasyon PowerPoint (ak moderasyon), gade dokiman ki gen rapò ak tèm yo, jwèt wòl, etid ka, travay pratik, travay an gwoup ak yon kontrandi kritik chak fwa ki gen rapò ak pwèn ki te diskite pandan sesyon jounen an.

## Soti nan estrikti entèn rive nan kolaborasyon ekstèn: yon ranfòsman ki fèt nèt epi ki ateri

Sa ki rann fòmasyon an yon jan espesyal se paske yo te konsevwa ak devlope l sou yon **baz patisipatif, enklizif** epi paske li te anmezi pran an konsiderasyon **dimansyon òganizasyonèl, enstitisyonèl, sosyal ak sivil** nan ranfòsman OSC/ROSC yo. Nan sans sa a, kèk manm nan òganizasyon ki te patisipe ki te reponn kesyon nan kad ankèt sou kapitalizasyon an te deklare prensipal rezilta ak reyalizasyon pwosesis devlopman kapasite OSC/ROSC yo se sa ki suiv yo:

- Tout OSC/ROSC patnè yo te gen fòmateur/fòmatriks, dirijan/dirijant ak manm yo, fi kòm gason, ki te resevwa fòmasyon pandan pwosesis la.
  - Fòmasyon an te pèmèt yo konprann pi byen nesosite pou ranfòse òganizasyon an ak fonksyonman li, pou bay kotizasyon yo regilyèman epi pou konplete pwosesis legalizasyon OSC/ROSC yo. Yon lòt bagay fòmasyon an fè se bay enstans yo plis sans responsablite epi ankouraje manm yo pou yo patisipe piplis nan OSC yo.
  - Pwosesis fòmasyon an ankouraje devlopman lidèchip kolektif, relasyon konfyans nan mitan òganizasyon an, pwoteksyon ak respè dwa moun, sitou dwa fanm yo, epi bay fanm yo plis valè ak pòs responsablite nan òganizasyon an.
  - Nan sa ki gen pou wè ak gouvènans entèn ak jesyon administratif, fòmasyon an te konsantre piplis sou amelyore planifikasyon, suivi ak evalyasyon aktivite yo, sèvi ak zouti kontab pou tabli transparans ak rann kont, ranfòse patisipasyon manm yo grasa yon kominikasyon ki pi efikas.
  - Fòmasyon an te pèmèt reyalize yon pi bon konpreyansyon wòl otorite lokal ak departmantal yo epi travay aktè sosyete sivil la. Li te montre tou nesosite pou devlope kolaborasyon ak/oswa patenarya nan mitan ansanm aktè yo.
- Atikilasyon fòmasyon an ak yon sistèm akonpayman san rete pou OSC/ROSC yo te kontribye nan ranfòse konpetans manm yo ak amelyore gouvènans ak jesyon òganizasyon yo nan domèn teknik, administratif ak finansye. Li te pèmèt tou OSC/ROSC yo anmezi pou reponn kèk apèl pou pwopozisyon pwojè epi aplike dirèkteman fòmasyon yo te resevwa a.

- Sa te pèmèt OSC/ROSC patnè PAGODE yo reyalize kèk chanjman enpòtan nan sa ki gen pou wè ak valorizasyon ak pozisyonman fanm yo, epi tou ak ranfòsman patisipasyon manm yo grasa kominikasyon ki pi efikas.

## Kèk mezi pou rezoud difikilte yo

Pandan pwosesis ranfòsman kapasite yo, PAGODE ak OSC/ROSC ki patnè li yo te rankontre kèk **kontrent epi difikilte** :

### Kontrent ak difikilte

Nan youn nan 3 departman yo, difikilte pou jwenn konpayi oswa konsiltan/konsiltant ki konpetan epi ki gen eksperyans pou fè fòmasyon pou fòmateur ak fòmatriks yo.

Pwoblèm blokaj oswa ensekirite sou wout nasyonal yo nan moman depasman konsiltan/konsiltant yo.

Gwo ogmantasyon nan pri transpò ak antretyen fòmateur/fòmatriks ak patisipan yo ki gen pou wè ak enflasyon an ak jan goud la pèdi valè.

Prezans patisipan yo pi fèb nan sesyon fòmasyon yo pandan peryòd yo pi aktif nan travay jaden.

Difikilte pou konprann kèk nan modil fòmasyon yo, pami ladan yo jesyon òganizasyonèl, planifikasyon ak jesyon pwojè, egalite sèks ak defans.

Egzòd kèk nan fòmateur/fòmatriks, kad ki te resevwa fòmasyon ak dirijan/dirijant OSC/ROSC yo ki souvan pi aktif ak pi dinamik.

Difikilte pou reyalize repriz fòmasyon yo sou yon baz ki regilye.

Kolektivman, atravè konsètasyon, yo te adopte kèk mezi espesifik pou rezoud difikilte yo:

### Mezi espesifik pou rezoud difikilte yo

Rekrute kèk konpayi oswa konsiltan/konsiltant ki baze nan lòt rejyon nan peyi a.

Fasilite depasman konsiltan/konsiltant yo nan avyon nan moman ensekirite ak blokaj sou wout yo.

Pran risk sa a ankò nan devlopman bidjè fòmasyon OSC/ROSC yo epi pran dispozisyon pou fòmasyon yo fèt nan lokalite yo.

Adapte pwogramasyon sesyon fòmasyon yo ak kalandriye agrikòl rejyon an.

Adapte kontni fòmasyon an ak nivo kilti jeneral patisipan/patisipant yo. Retounen sou aspè ki pi konplèks

nan modil fòmasyon yo nan moman reyinyon swivi ak akonpayman yo.

Pran risk sa a ankont nan kritè seleksyon pou manm yo kòm fòmateur/fòmatriks ak patisipan/patisipant. Fòmateur tout manm OSC/ROSC ki te chwazi yo sou tout modil yo.

Bay OSC ak ROSC yo yon alokasyon lajan pou yo sipòte repriz fòmasyon yo; mete animatè/animatris aladispisyon OSC ak ROSC yo pou akonpaye yo nan planifye ak repwoudi fòmasyon yo.

Sistèm suivi-evalyasyon pwosesis la regilyèman te ede anpil nan ajiste metodoloji a ak planifikasyon an epi tou nan reòganize seyans fòmasyon yo dapre kontrent ak difikilte yo te rankontre.



### Rekòmasyon pou met anplas kèk demach ki menm ak sa a

Li enpòtan pou **devlope plan fòmasyon** pou OSC ak ROSC yo ak anpil atansyon paske li reponn ak bezwen ranfòsman kapasite yo te idantifye pou chak nan yo sou baz yon dyagnostik espesifik.


Pou garanti dirabilite pwosesis fòmasyon an, li nesèsè pou **òganizasyon yo gen pwòp fòmateur ak fòmatriks pa yo** ki te deja resevwa fòmasyon an. Li pral nesèsè tou pou chwazi, yon jan ki estratejik epi nan kad konsiltasyon ak manm OSC ak ROSC yo, kad ak dirijan/dirijant ki dwe resevwa fòmasyon an.

**Koneksyon ant fòmasyon ak akonpayman** OSC/ROSC yo fondamantal. Fòmasyon an ede devlope kapasite yo nan sa gen pou wè ak konesans, men se atravè akonpayman an konesans yo te jwenn lan pral pran chè nan sa yo fè ak jan yo ye. Yo dwe konsevwa ak devlope de pwosesis sa yo yon jan ki konplemantè epi ki fèt an menm tan.

Yon **sistèm suivi ak evalyasyon regilye** pwosesis fòmasyon an dwe mete an plas depi nan kòmansman pou teste zouti ak metòd yo epi adapte yo ak kontèks lokal la ak bezwen OSC/ROSC patnè yo. Sa ta dwe pèmèt tou mezire pwogrè yo epi ajiste plan an ak metodoloji jeneral fòmasyon an jan sa nesèsè.



Pwogram ki reyalize ak Direksyon Kolektivite Terityoral yo (Ministè Enteryè ak Kolektivite Terityoral - MICT)  
Ministè Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn (MPCE)  
Federasyon Nasyonal Meri Ayiti (FENAMH)  
Federasyon Nasyonal Merès Aviti (FENAFEMH)



Ak sipò finansye  
Biwo Koperasyon Lasuis an Ayiti

Se konsòsyòm PAGODE : CROSE – GRAMIR – ID – IRAM - ITECA ki te reyalize l.



PAGODE - Jiyè 2023

Enfò : [haiti@id-ong.org](mailto:haiti@id-ong.org) - [id@id-ong.org](http://id@id-ong.org)